

GID SOU ZAFÈ VYOLANS KAP FÈT SOU MOUN

Instructions - cut out and fold the constant companion...

Premye swen sikolojik se zafè pwoteksyon, divite ak dwa

SA OU PA DWE FÈ

- Pa poze viktim nan kesyon ki ka fè li sonje sa ki te pase-a.
- Pa mande viktim nan pou li bòw plis enfòmasyon
- Poubyen lòt detay.
- Pa ba li okenn konsèy ni di li sa w panse.
- Pa ba li konsèy. Sa se travay sikolog oubyen travayè sosyal.
- Pa ba li fo espwa ni okenn detay ki pa korèk.
- Pa fose moun ede li. Figa ou enpoze w sou li.
- Pa rakonte lòt moun sa ki pase-a si li pa nesesè
- Pa sèvi entèmedyè ant viktim nan ak moun ki fè aksyonnan oubyen yon lòt moun. (eg fanmi li)
- Si wap fè swiv sou ka VBG, pa mande lòt enfòmasyon e pa kontakte viktim nan dirèkteman.

- Ofri moun nan sipò e swen de baz. (mete li chita, ba li dlo)
- Tandè espikasyon lap ba w la san ou pa koupe pawòl li, ni pa di li sa ou panse de sitiyasyon lan
- Mete moun nan alèz pou li pa gen okenn enkyetid. (menm si m konprann ke sa ka vrèman difisil pou ou.)
- Toujou kenbe tout sa li diw yo konfidansyèl e asire ke nou toujou yon kote ki sekirize
- Asirew ke ou an sekirite e viktim nan an sekirite tou lè w ansanm avèl
- Pa kite anpil moun konnen dosye a, ou ka referew selman ak (eg. kolèg nan travay ou ki gen konesans nan domèn VBG, bès ou) toujou avèk konfidansyalite epi fòk viktim nan asepte.
- Respekte dwa viktim nan genyen pou li pran pwòp desizyon li. Enfòmèl san ke ou pa ba li okenn konsèy.
- Fòk ou pa prejije ni ou pa dwe nan pati pri.
- Fòk ou explike viktim nan ke menm si li pa vle ed kounyèa, nenpòt lè li pare lap toujou resevwa sipò a.
- Fòk ou ajil sou baz j kiliti ak abitud lokalite kote ou ye-a.
- Fòk ou okouran de tout sèvis ki disponib nan zòn nan.

Gid sou zafè vyolans kap fèt sou moun

Zòn /Lokalite: _____

Nimewo telefòn ak sèvis ki disponib yo: _____

Christian VOVI, Coordonnateur du sous-cluster VBG, vovi@unfpa.org

+50948085563

Madame Schella Loreus

feminineambassady@yahoo.fr

+50941538123

Gid sou zafè vyolans kap fèt sou moun

Enfòmasyon ki nan dokiman sa :


Dokiman sa gen 2 zouti pou ajan kap travay sou teren yo, pou yo konnen sa pou yo fè si yo enfòme de yon ka VBG.

- Premye swen sikolojik : sa ou dwe fè ak Sa ou pa dwe fè
- Gid pou ajan kap travay nan zafè vyolans kap fèt sou moun (VBG)
- Sèvis ki disponib nan ka sa

www.sheltercluster.org/gbv

Fold along these lines

GID POU AJAN KAP TRAVAY NAN ZAFÈ VYOLANS KAP FÈT SOU MOUN. (VBG)



PWOTEKSYON TIMOUN

Si moun nan gen mwens pase 18 lane, explikel ke ou bezwen otorizasyon paran'l oswa yon moun ki responsab li. Si li pa vle ba ou li (gen de lè se paran an oswa moun ki responsab li a ki konn komèt zak la), fòk ou respekte desizyon l lan epi fòk mandel ki lòt jan ou kapab bal sipò, epi tou chèche pran konsèy nan men sipèvizè ou. Pa bliye timoun ki gen soti 15 pou rive 18 lane gen ase matirite pou bay otorizasyon sa : pran konsèy nan men yon espesyalis VBG/ pwoteksyon timoun lè sa posib Si viktim nan gen pi piti pase 15 lane , epi tou li pa posib pou gen otorizasyon paran'l, fòk ou pale ak yon spesyalis VBG/ pwoteksyon timoun / oswa yon employe ki nan yon pòs sipèvizyon.